

# M ap li nèt ale


## Liv Elèv Kreyòl

Tòm 1

Twazyèm  
ane



**USAID** | **AYITI**  
ÈD PÈP AMERIKEN



Ministère de l'Éducation Nationale  
et de la Formation Professionnelle



# Remèsiman espesyal

Metòd « M ap li nèt ale » se rezilta èd pèp ameriken an bay Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) pa mwayen pwojè ToTAL (Tout Timoun Ap Li). Se RTI Entènasyonal k ap egzekite l pou USAID/ Ayiti.

Metòd « M ap li nèt ale, 3èm ane » a te jwenn konkou anpil moun pou l ka rive reyalize. Yo te pote kontribisyon yo nan konsepsyon ak elaborasyon materyèl la, nan fason yo te soutni travay la ak nan konsèy yo te bay. Se poutèt sa n ap remèsye espesyalman :

Moun ki te patisipe nan elaborasyon,  
konsepsyon ak koreksyon materyèl la :

Marie-Jeanne Léo LOUIS-CHARLES,  
Spécialiste du développement des  
matériels de créole, USAID/ RTI/  
ToTAL

Reginald Calixte BRICE, Educateur,  
Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL

Jovany VINCENT, Educateur, Consultant,  
USAID/ RTI/ ToTAL

Standley KETAN, Educateur/ Consultant,  
USAID/ RTI/ ToTAL

Walph Ferentzi YOUYOU, Educateur/  
Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL

Darline ALEXIS, Consultante, USAID/  
RTI/ ToTAL, (Correction et relecture)

Josette GABOTON, Consultante, DEF/  
EPT-BM (Correction)

Fritz Berg JEANNOT, Consultant, USAID/  
RTI/ ToTAL (Relecture)

Nathalie LEMAINÉ, Consultante, USAID/  
RTI/ ToTAL (Élaboratrice d'histoires)

Marie Rodny Laurent ESTÉUS,  
Consultante, USAID/ RTI/ ToTAL  
(Élaboratrice d'histoires)

Marlène ETIENNE, Consultante, USAID/  
RTI/ ToTAL (Élaboratrice d'histoires)

Mitchell Pierre, Illustrateur, Consultant,  
USAID/ RTI/ ToTAL

Moun ki te soutni ak bay konsèy

Loretta GARDEN, USAID

Fabiola LOPEZ-MINATCHY, USAID

Josiane H. BARNES, USAID

Nathalie RICOT, USAID

Kadidia DIENTA, COP, USAID/ RTI/ ToTAL

Andrew JOHNSTON, DCOP, USAID/ RTI/  
ToTAL

Mary DENAUW, Consultante, USAID/ RTI/  
ToTAL

Laurette CUPIDON, Coordinatrice du  
Curriculum, USAID/ RTI/ ToTAL

Emmanuel FILIPPI, Coordinateur du  
bureau du Nord, USAID/ RTI/ ToTAL

Lionel HOGU, Consultant, DEF/ MENFP

Jean Winor PIERRE, Directeur, DEF/  
MENFP

Claudin SAINT- JOUR, Chef de service du  
Curriculum et formation, DEF, MENFP

Chantal ROQUES, Coordinatrice PDCL

Raymond JEAN-LOUIS, Responsable de  
formation PDCL

Dieudonne JOSEPH

Jean Daniel CLEDOR

Alius JOSEPH



# Sa ki nan liv la

Leson 1	2	Leson 26	42
Leson 2	4	Leson 27	44
Leson 3	5	Leson 28	45
Leson 4	7	Leson 29	47
Leson 5	8	Leson 30	49
Leson 6	10	Leson 31	50
Leson 7	12	Leson 32	52
Leson 8	13	Leson 33	53
Leson 9	15	Leson 34	55
Leson 10	16	Leson 35	56
Leson 11	18	Leson 36	58
Leson 12	20	Leson 37	60
Leson 13	21	Leson 38	61
Leson 14	23	Leson 39	63
Leson 15	24	Leson 40	64
Leson 16	26	Leson 41	66
Leson 17	28	Leson 42	68
Leson 18	29	Leson 43	70
Leson 19	31	Leson 44	72
Leson 20	32	Leson 45	74
Leson 21	34	Leson 46 Evalyason 1	76
Leson 22	36	Leson 47 Evalyason 2	77
Leson 23	37	Leson 48 Evalyason 3	78
Leson 24	39	Leson 49 Evalyason 4	79
Leson 25	40	Leson 50 Evalyason 5	80

# Leson 1. Lekòl louvri



M ap li

pann

defann

rann

antann

vann

sann



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Gwòt :** gwo twou natirèl ki fèt nan yon wòch.

**Tounen :** ale menm kote ou te ye anvan.



M ap li ak bon ton

Vakans se pa gaspiyay tan.

Se yon moman pou detann.

Fè lekti toutan,

Jwe ak zanmi tanzantan.

---

## Vakans pral fini

Mwa out pral fini. Sèjin pase yon bon vakans. Li te ale nan plaj Port-à-Piment, nan zòn Sid peyi d Ayiti. Kouzen li, ki t ap pase vakans lakay yo a, te tou pwofite mennen l vizite gwòt Marie-Jeanne. Gwòt la fèt anndan yon gwo wòch. Li sanble ak yon gwo kay ki chaje ak chanm. Gen anpil bèt ki vin viv ladan l tankou chòv souri, zandolit elatriye.



Menm jan ak gwòt Marie-Jeanne, peyi d Ayiti gen anpil lòt gwòt : Kounoubwa, Mari Za, Beloni ak lòt ankò. Gwòt peyi d Ayiti yo se mevèy lanati.

Se vre Sèjin t ap amize l pandan vakans la. Men li pa ka tann pou li tounen lekòl. Yon apremidi, li mande manman li : « Ki lè ou pral achte inifòm ak liv pou mwen ? »

Manman li reponn : « Mwen p ap bay fè lòt inifòm pou ou ane sa a. W ap mete menm sa ou te genyen ane pase yo. » Sèjin pa fè ni de ni twa, li mete youn nan **ansyen** inifòm li yo sou li. Apre sa, li di manman li : « Gade mwen ». Oo ! Inifòm yo vin twò piti pou Sèjin. Lè l ap retire l, inifòm nan **chire**. Pandan vakans la, li grandi, li gwosi. Finalman, manman Sèjin mennen li achte inifòm ak liv. Sèjin tèlman kontan, li sote ponpe. Kounye a, l ap konte jou pou li tounen lekòl.

**ansyen :**  
Ki pa nèf,  
ki te la deja.

**chire :**  
Ki dekoude.

---

### M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ki jan yo rele pèsonaj ki nan tèks la ?
2. Nan ki moman istwa a ap pase ?
3. Ki pwoblèm Sèjin genyen ?
4. Ki sa manman li fè pou rezoud pwoblèm nan ?

---

#### Mwen dwe konnen

- Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
- **Evènman** yo se tout sa ki pase anndan yon tèks naratif.
- Nan yon **tèk naratif** ka gen plizyè pèsonaj.
- **Pèsonaj** yo se moun, bèt oswa objè ki pale ak fè aksyon nan tèks la.

---

## Leson 2. Lekòl louvri

---

*Vakans pral fini, paj leson 1 an*

---



Mwen se yon gwo twou nan wòch.  
Se dlo lapli ki ban m fòm.  
Mwen tankou yon gwo kay anba tè.  
Paske mwen chaje ak chanm.  
Moun sòti toupatou pou vin vizite m.  
Pafwa yo banm ti non kavèn.  
Ki sa mwen ye ?

---



### M ap li

chanmchanm

chante

chodyè

chanpyon

chokola

---



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Tann** : rete jiskaske yon moun oswa yon bagay rive.

**Konte** : kalkile youn apre lòt.

---



### M ap reflechi sou tèks la

1. Daprè ou ki kalite moun Sèjin ye ?
  2. Ki sa w konn fè lè w an vakans ?
  3. Si w te nan plas Sèjin èske ou t ap kontan tou ? Pou ki sa ?
- 



### M ap li ak bon ton

Machann nan ap vann yanm ak pwa tann.

Natan mare kann yo ak yon lyann.

---

**Mwen dwe konnen**

- Yon silab se yon son oswa yon gwoup son nou ka di yon sèl kou.
  - Non yon moun toujou kòmanse ak yon lèt majiskil.
-



## Leson 3. Lekòl louvri



### M ap li

chaloup

chante

chofe

chanje

chodyè



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Douvanjou** : Byen bonè nan maten, anvan solèy leve.

**Kan** : Pwogram yon gwoup moun fè lè yo deplase pou y al detann yo yon kote pandan plizyè jou.



### M ap li ak bon ton

An jen lekòl fèmen.

Mwen p ap rete san fè anyen.

M ap aprann fè jaden,

Wouze plant chak maten.

### Mwen dwe konnen

- Yon **silab** se yon son oswa yon gwoup son nou ka di yon sèl kou.
- Non katye toujou kòmanse ak yon **lèt majiskil**.

---

## Premye jou lekòl

Jodi a, se premye jou lekòl. Sèjin eksite. Li kontan. Li reveye douvanjou. Li prepare li. Li mete bèl **inifòm** nèf li a. Li ale lekòl. Sèjin kontan rankontre bon zanmi li, Woni ak Evlin sou lakou a. Youn ap rakonte lòt sa li te fè pandan vakans la.



### inifòm :

Abiman pou idantifye yon gwoup moun.

Sèjin di :

« Mwen te al nan plaj epi mwen te vizite gwòt Marie-Jeanne. Gwòt Marie-Jeanne se pi gwo gwòt moun konnen nan peyi a. Se pa ti bèl non ! Se kòm si mwen t ap flannen sou yon plas ki fèt anndan yon gwo wòch. »

Soni reponn :

« Mwen menm, mwen te al nan kan ak yon gwoup eskout nan vil Cap-Haitien. Yo te mennen mwen vizite Sitadèl la ak palè Sans-Souci. Si gwòt yo se mèvèy lanati, Sitadèl la ak palè Sans-Souci se mèvèy zansèt nou yo kite pou tout ayisyen. »

Evlin di :

« Mwen te ale Jeremie kay matant mwen. Mwen te ale peche pwason ak kouzen mwen yo. Gen yon jou, mwen kenbe twa bèl pwason. Jou sa a, mwen manje pwason boukannen. Nou te byen amize nou ! »

Zanmi yo te kontinye ap bay lodyans sou lakou a. **Klòch** la sonnen. Tout elèv mete yo an ran pou monte drapo. Woy ! Nan kouri pou pase devan nan ran, Evlin tonbe. Erezman li pa gen anyen ! Apre sa, tout elèv rantre nan klas yo. Sèjin remake klas li a gen plis fi pase gason. Ane sa a, pwofesè li a rele mèt Blèz. Li wo, li gen gwo vwa epi li janti.

Nan pita, Sèjin rakonte paran li kòman jounen an te pase. Apre sa, li etidye ak fè devwa li. Ala bèl bagay se lekòl !

### klòch :

Enstriman an metal ki sèvi pou sonnen lè oubyen rekreyasyon.



## M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ki sa elèv yo fè anvan yo rantre nan klas yo ?
2. Kilès ki te al nan kan lavil Jeremi pandan vakans la ?
3. Ki sa Soni te fè pandan vakans la ?
4. Ki aksidan ki te rive nan premye jou a ?

---

## Leson 4. Lekòl louvri

---

*Premye jou lekòl, paj leson 3 la*

---



Mwen se yon rad.

Ti fi mete m, ti gason mete m.

Kèk fwa, menm granmoun mete m

Pou yo ale travay.

Yo fè m ak tout kalite koulè twal.

Elèv lekòl toujou mete m lè yo prale lekòl.

Ki sa mwen ye ?

---



### M ap li

ankadreman

anrejistreman

entesten

marengwen

endyen

---



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Eksite** : montre jan ou kontan.

**Jeremi** : non pi gwo vil nan depatman Grandans.

---



### M ap reflechi sou tèks la

1. Ki sa ki montre twa zanmi yo te kontan wè youn lòt ?
  2. Ki kote Evlin ak kouzen l yo te ale peche pwason ?
  3. Daprè ou èske lekòl se bèl bagay ? Pou ki sa ?
  4. Rakonte ki jan premye jou lekòl ou te pase.
- 



### M ap li ak bon ton

Maten pa plenyen lè manman li ap benyen l. Granmmaten Adriyen al pwomennen nan vil Aken.

---

**Mwen dwe konnen**

- Yon non biznis oswa òganizasyon toujou kòmanse ak yon **lèt majiskil**.
-

---

## Leson 5. Lekòl louvri

---



Mwen fèt an bwa.

Mwen ka gen plizyè koulè :

Jòn, vèt, nwa, ble, blan...

Sou tèt mwen, ka genyen yon gòm.

Mwen gen yon pwent.

Se avè m yo sèvi

Pou ekri ak fè desen.

Ki sa mwen ye ?

---



### M ap li

Krè

chifon

kouran

kreyòl

chemiz

---



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Fredone** : Chante dousman, san ou pa di pawòl ki nan chante a.

**Konesans** : Sa yon moun konnen, sa li aprann.

---

#### Mwen dwe konnen

- Yon fraz toujou kòmanse ak yon lèt majiskil
  - Nan yon fraz, non yon moun, non yon katye ak non yon pey toujou kòmanse ak yon lèt majiskil.
  - Yon pwezi se yon tèks enteresan ki itilize mo ak bèl fraz pou eksprime emosyon, lide ak santiman.
-

---

## Premye jou lekòl



Toupatou sou latè,  
Premye jou lekòl pa gen parèy !  
Elèv soti nan tout rakwen  
Ak valiz yo chaje,  
Pou ranmase konesans.  
Premye jou lekòl pa gen parèy !  
Pwofesè, direktè kou paran  
Yo tout gen yon sèl rèv,  
Retire fènwa pou mete limyè,  
Mete konesans pou chase inyorans.  
Pou demen nou ka san parèy ak lekòl !  
Viv lekòl !



### M ap reflechi sou tèks la

1. Pou ki sa gen lekòl nan tout peyi ?
  2. Ki sa elèv yo mete nan valiz yo ?
  3. Ki rèv pwofesè yo genyen pou elèv yo ?
  4. Pou ki sa yo di « viv lekòl » ?
  5. Èske w renmen lekòl ? Pou ki sa ?
-

## Leson 6. Kote dlo lapli soti



### M ap li

chanpyona

chanpèt

chanpou

makout

diskou



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Vapè** : gaz ki monte sou fòm chalè lè yon dlo ap bouyi.

**Sik** : seri fenomèn ki tounen chak fwa nan menm fòm nan.



### M ap li ak bon ton

Dlo soti nan tè.

Li monte anlè.

Li desann sou tè.

Li ateri nan lanmè.

## Dlo lapli

Yon lendi maten, pwofesè Renan te envite agwonòm Jan Lwi pou vin pale sou dlo lapli. Toudabò, li salye elèv yo epi li poze yo kèk kesyon sou zafè agrikilti ak anviwònman.

Aprè li mande yo :

« Ki bò dlo **lapli** sòti daprè nou ? »

Pi fò elèv yo te reponn :

« Nan syèl la. »

Repons la pa t kòrèk. Agwonòm

Jan Lwi te eksplike elèv yo dlo lapli


se rezilta yon bann transfòmasyon. Aprè l fin di yo sa, li mande yo :

« Èske konnen ki transfòmasyon ? »

Tout elèv yo te di yo pa konnen. Kidonk, agwonòm nan kontinye espplikasyon an. Li di konsa :

« Pou kòmanse, nou dwe konnen chalè solèy la tèlman **chofe** dlo lanmè a, li fè vapè. Menm jan ak vapè ki soti nan chodyè dlo k ap bouyi. Ansuit, vapè dlo yo pral fòme nyaj. Nyaj sa yo tounen dlo epi dlo a tonbe sou latè. Nou rele dlo sa a dlo lapli. Fenomèn sa a, yo rele li sik dlo. »

Li mande elèv yo pou yo toujou sonje fenomèn sik dlo a. Aprè sa, tout elèv yo te satisfè pou bon jan espplikasyon agwonòm nan te bay la.



### lapli :

Dlo ki tonbe soti nan nyaj yo gout pa gout.

### chofe :

Fè vin cho. Ki degaje anpil chalè.

## M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Kilès pwofesè a te envite ?
2. Sou ki sa agwonòm Jan Lwi te pale ak elèv yo ?
3. Ki jan nyaj yo fòme ?
4. Kòman yo rele fenomèn dlo lapli a ?
5. Pou ki sa elèv yo te satisfè ?

### Mwen dwe konnen

- Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
- **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.
- Yon vigil se yon siy nou ka itilize anndan yon fraz pou nou separe plizyè eleman.

---

## Leson 7. Kote dlo lapli soti

---

*Dlo lapli, paj leson 6 la*

---



Mwen fèt an fè oswa ann aliminyòm.

Mwen gen plizyè kalite fòm :

Kare, won, rektang...

Mwèn sèvi pou bouyi dlo,

Bouyi te, fè kafe ak pou kuit manje.

Mwen sèvi sou fou.

Ki sa mwen ye ?

---



**M ap li**

platin

kontin

dodin

kolin

tantin

---



**M ap aprann sans mo ki nan tèks la**

**Agwonòm** : moun ki etidye metòd ak teknik pou travay tè ak pran swen plant yo.

**Fenomèn** : evènman natirèl ki rive nan yon epòk oswa toutan.

---



**M ap reflechi sou tèks la**

1. Di tout jan n imajine tan an ka ye lè lapli pral tonbe.

2. Esplike yon ti zanmi w kote dlo lapli soti.

---



**M ap li ak bon ton**

Matin chita sou yon dodin. Malin ap benyen nan pisin.

Ki bò dlo lapli sòti ? Dlo lapli soti nan nyaj la.


---

**Mwen dwe konnen**

- Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
  - **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.
  - Yon vigil se yon siy nou ka itilize anndan yon fraz pou nou separe plizyè eleman.
-



## Leson 8. Kote dlo lapli soti



### M ap li

pisin

kantin

pakin

kizin

machin



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Traktè** : gwo veyikil ki sèvi pou laboure tè.

**Eksperyans** : sa yon moun aprann aprè li fin viv yon evènman.



### M ap li ak bon ton

Atansyon ! Atansyon ! Se sezon siklòn.

Siklòn ka detwi anpil zòn.

Plante pyebwa sou tout mòn


Ka kase fòs siklòn.

Mwen dwe konnen

- Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
- Lè n ap li, chak fwa nou wè yon vigil, nou dwe fè yon ti poz tout kout.

---

## Atansyon pa kapon



### **lameri :**

Kay ki sèvi biwo pou majistra yon komin.

Vil Gonaïves se yon vil ki enpòtan anpil nan listwa peyi d Ayiti. Se nan vil sa a Jean Jacques Dessalines te deklare endepandans Ayiti. Vil la nan mitan plizyè montay. Rivyè antoure li toupatou. Se poutèt sa, depi epòk siklòn pral rive, **Lameri** itilize kamyon ak traktè pou netwaye ravin ak twoureg yo. Tout moun nan vil la te mobilize pou sipòte travay Lameri.

Moun Gonaïves pa janm bliye gwo dega dlo te fè nan vil la nan lane 2008. Se te yon gwo katastwòf !

Move eksperyans sa a te fè yo konprann nesosite pou pwoteje anviwònman an. Si pa gen pyebwa ki pou kenbe tè a, nenpòt ti lapli ka lakòz gwo tèt chaje. Pou rezon sa a, yo te plante anpil pyebwa.

### **majistra :**

Otorite leta k ap dirije yon komin.

Nan okazyon gwo netwayaj sa a, **majistra** a di moun nan zòn nan :

« Mèt kò veye kò. N ap kontinye plante pyebwa pou nou ka pwoteje lavi nou. »



## M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ki enfòmasyon yo bay sou vil Gonayiv nan kòmansman tèks la ?
2. Ki sa Lameri nan vil la fè lè siklòn pral rive ?
3. Ki sa tout moun nan vil la fè ?
4. Ki sa moun Gonayiv pap janm bliye ?
5. Aprè eksperyans 2008 la, ki sa moun Gonayiv wè ki nesèsè ?

---

## Leson 9. Kote dlo lapli soti

---

*Atansyon pa kapon, leson 8 la*

---



Mwen se yon gwo machin.  
Mwen gen tout kalite fòm.  
Mwen rann anpil sèvis.  
Yo sèvi avè m pou laboure tè.  
Yo sèvi avè m pou charye kann.  
Yo sèvi avè m pou fè wout,  
Pou chaje kamyon baskil.  
Ki sa mwen ye ?

---



### M ap li

panye

kokoye

palmye

biskuit

tousuit

---



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Ravin** : gwo espas ki chaje ak wòch kote dlo pase lè lapli tonbe.

**Anviwònman** : tout plant, tout bèt, lanmè, sous dlo, rivyè, donk tout sa ki antoure moun sou latè.

---



### M ap reflechi sou tèks la

1. Ki sa nou panse ki ka rive nan tan siklòn si moun Gonayiv yo pa netwaye ravin ak tourego yo ?
  2. Pou ki sa yo di eksperyans 2008 la se te yon move eksperyans pou moun Gonayiv ?
  3. Pou ki sa moun Gonayiv yo deside plante anpil pyebwa ?
- 



### M ap li ak bon ton

Gade yon bèl biskuit ! Biskuit la cho. Mwen pral manje l tousuit.

---

**Mwen dwe konnen**

- Yon **vigil** se yon siy nou ka itilize anndan yon fraz pou nou separe plizyè eleman.
-

---

## Leson 10. Kote dlo lapli soti

---



Mwen pa yon rivyè.  
Mwen pa yon letan.  
Mwen se yon gwo dlo.  
Mwen fè gwo vag lè gen van.  
Mwen gen gou sale.  
Yo di mwen gen koulè ble.  
Bato konn navige sou mwen.  
Ki sa mwen ye ?



### M ap li

bijou

kajou

kalalou

laboratwa

amwa

---



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Souf** : lè moun rale nan nen yo pou yo respire.

**Ateri** : rive yon kote.


---

### Mwen dwe konnen

- Yon **pwezi** se yon tèks enteresan ki itilize mo ak bèl fraz pou eksprime emosyon, lide ak santiman.
  - Yon **emosyon** se sa ki fè yon moun santi li boulyèse oswa li kontan.
  - Yon **santiman** se sa yon moun santi anndan kè li.
-

---

## Vwayaj gout dlo



Gout dlo soti nan lanmè  
Monte nan syèl pou yon vwayaj.  
Mezanmi ! Wout la pa kout !  
Fatige ! Li lage kò l sou pyebwa  
L ap pran yon ti souf !  
Vwayaj la poko bout.  
Li kontinye wout la.  
A ! Li ateri anba tè.  
La, li pouse yon sous tou piti  
Ki grandi, ki gwosi,  
Pou tounen yon gwo rivyè.  
Finalman l al repoze nan lanmè...



### M ap reflechi sou tèks la

1. Kilès k ap fè vwayaj la ?
  2. Di kat aksyon li fè pandan vwayaj la.
  3. Ki fraz ki vle fè w kwè pèsonaj la se yon moun ?
  4. Èske chak liy se yon fraz ? Pou ki sa ?
  5. Ki kote gout dlo a soti ? Ki kote li rive ?
-

## Leson 11. Idantite mwen



### M ap li

wozo

wotè

wòb

kawòt

woulib

woule



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Komedyen** : moun ki fè metye jwe teyat.

**Twoup** : gwoup komedyen.



### M ap li ak bon ton

Li fè m ri menmsi mwen tris.

Li danse, mwen ri.

Li chante, li pale mwen ri.

Yon komedyen se gwo atis !

---

## Yon komedyen san parèy

Mwen rele *Languichatte Debordus*. Bon non mwen se *Théodore Beaubrun*. Mwen se yon komedyen. Anpil moun wè mwen tankou youn nan pi gwo komedyen ayisyen nan syèk ki sot pase a. Mwen fèt Pòtoprens jou ki te 26 desanm nan lane 1918. Mwen pase nan plizyè lekòl tankou : « Ti Seminè Sen Masyal, Lise Petyon. Depi lekòl, mwen renmen fè teyat. »



### radyo :

Aparèy elektronik ki sèvi pou resevwa ak transmèt son.

Mwen te gen venntwazan sèlman lè yo kòmanse pase pyès mwen nan **radyo**. Yon lane aprè, mwen fonde twoup teyat Langichat. Premye pyès mwen jwe ak twoup la rele « Mariage Languichatte ». Tousuit aprè siksè premye pyès la, mwen ekri de lòt pyès teyat : « Kay baka ak Ti Zout. »

### televizyon :

Aparèy elektronik ki sèvi pou resevwa ak transmèt son ak imaj.

Pyès teyat mwen ekri yo kòmanse pase nan **televizyon** nasyonal nan lane 1982. Timoun kou granmoun te renmen gade pyès mwen. Mwen te pran pou modèl yon lòt komedyen. Li rele *Molière*. Li se fransè. Li te fèt nan lane 1622. Objektif *Molière* se te fè moun ri pou ede yo korije. Se poutèt sa, mwen, **Languichatte Debordus**, nan tout pyès mwen ekri yo, mwen fè moun ri. Men mwen pote mesaj pou m fè ayisyen reflechi sou kalite ak sou defo yo.

Jis jounen jodi a tout moun kontinye gade pyès mwen yo. Moun kontinye ri !



## M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Kilès k ap pale de Languichatte nan istwa a ?
2. Ki kote li fèt ?
3. Ki sa li te konn fè ?
4. Ki bon non Languichatte ?
5. Pou ki sa tout moun te renmen pyès teyat li yo ?

---

### Mwen dwe konnen

- Lè se moun nan ki bay enfòmasyon sou pwòp lavi pa li, yo rele tèks la otobiyografi.
- Yon **pwèn** se yon siy nou itilize pou nou fini yon fraz.

---

## Leson 12. Idantite mwen

---

*Yon komedyen san parèy, leson 11 la*

---



Mwen se yon atis menm jan ak tout atis.  
Mwen pa konn jwe mizik ni fè tablo.  
Lè m ap pèfòme, tout moun kontan.  
Pafwa mwen pale, danse, chante,  
Fè grimas pou piblik mwen.  
Metye m se fè teyat pou moun ri.  
Se poutèt sa, anpil moun di mwen komik.  
Ki sa mwen ye ?

---



### M ap li

wete

swete

wikenn

konstwi

batwèl

siwèl

---



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Teyat** : kategori tèks ki fèt pou komedyen jwe sou sèn.

**Pyès** : tèks ki ekri pou komedyen jwe sou yon sèn devan yon piblik oswa nan radyo oubyen nan televizyon.

---



### M ap reflechi sou tèks la

1. A ki laj Languichatte te kòmanse ekri pyès teyat ?
  2. Pou ki sa yo te vin pase pyès teyat li yo nan televizyon ?
  3. Daprè ou èske pyès teyat Languichatte yo fè moun ri sèlman ? Pou ki sa ?
  4. Èske ou renmen gade oswa ale nan teyat ? Bay de rezon pou sa.
- 



### M ap li ak bon ton

Lwi ak Wili ap manje siwèl. Aswè Lwi ak Wili al jwe kay Ton Manwèl.

---

### Mwen dwe konnen

- Yon **pwen** se yon siy nou itilize pou nou fini yon fraz.
  - Lè n ap li, chak fwa nou wè yon **pwen**, nou dwe fè yon poz epi nou bay vwa nou ton ki montre fraz la fini.
-



## Leson 13. Idantite mwen



### M ap li

wonfle    mawon    wondèl    jwen    pengwen    marengwen



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Lise** : lekòl segondè ki sou kont Leta.

**Komite** : gwoup elèv ki gen responsablite nan yon klas.



### M ap li ak bon ton

Yon bon komite la pou ede.

Nan potekole komite a ap byen mache.

Chak manm ap patisipe san fòse.

Ansanm n ap òganize, jere epi fete.

### Mwen dwe konnen

- Yon **pwen esklamasyon** se yon siy nou itilize nan fen yon fraz lè fraz la bay yon lòd oswa lè li montre yon moun sezi.
- Lè n ap li, chak fwa nou wè yon **pwen esklamasyon**, nou dwe fè yon ti poz epi nou bay vwa nou ton ki montre nou sezi oswa nou pase yon lòd.

---

## Yon elèv modèl



Mwen rele Jèlin Toma. Mwen fèt nan lane 1995 nan komin Kwadèboukè, nan departman Lwès. Mwen se premye pitit yon fanmi twa timoun. Kidonk, tanzantan, mwen voye je sou ti frè ak ti sè m yo pou mwen ede paran m.

Premye lekòl mwen pase se te Lekòl Nasyonal Kwadèboukè. Aprè klas sizyèm ane fondamantal, mwen antre nan lise Jak premye.

**prezidan :**  
Moun ki chèf  
yo komite  
klas oswa yon  
asosiyasyon.

Lè mwen te nan twazyèm ane fondamantal, se mwen ki te **prezidan** komite klas la. Mwen te konn reyini ak lòt **manm** nan komite a pou nou òganize anpil aktivite. Mwen sonje yon lè nou te deside netwaye lakou lekòl la. Nou te vle pou tout lòt klas yo patisipe. Konsa nou te voye yon lèt bay chak komite pou esplike yo pwojè a. Tout klas yo te dakò.

**manm :**  
Moun ki fè pati  
yon komite  
oswa yon  
asosiyasyon.

Mwen toujou patisipe nan komite klas mwen. Mwen kwè chak elèv, nan jan pa li, ka kontribye pou kenbe lekòl li pwòp. Se sa k fè, mwen vle reyalize rèv mwen ki se tounen yon lidè nan zòn nan

---

### M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Kilès k ap pale de Jèlin Toma ?
2. Ki kote Jèlin abite ?
3. Ki sa l konn fè nan komite a ?
4. Pou ki sa Jèlin te voye lèt bay lòt klas yo ?

---

## Leson 14. Idantite mwen

---

*Yon elèv modèl, paj leson 13 la*

---



Mwen se yon gwo responsab.

Souvan yo rele m dirijan.

Lè mwen dirije komite klas,

Lè mwen responsab konbit,

Lè mwen dirije plizyè asosiyasyon,

Mwen toujou gen menm non an.

Menm lè m abite nan yon palè

Pou m dirije yon peyi, m gen menm non an.

Kilès mwen ye ?

---



### M ap li

siyen

manyen

benyen

pansyon

milyon

aksyon

---



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Pwojè** : sa yon moun gen entansyon fè.

**Potekole** : bay kout men pa w nan yon aktivite.

---



### M ap reflechi sou tèks la

1. Pou ki sa lavi a pa t fasil pou Jèlin ?
  2. Ki rèv Jèlin te geyen ?
  3. Ak ki non ou ka ranplase mo « mwen » nan tèks la ?
- 



### M ap li ak bon ton

Papa Jilyen plenyen men li siyen kanè Jilyen an. Petyon se chofè kamyon. Petyon pran prekosyon lè li pral kavayon.

---

### Mwen dwe konnen

- Yon **pwen entèwogasyon** se yon siy nou itilize nan fen yon fraz pou nou montre se yon kesyon ki poze.
  - Lè n ap li, chak fwa nou wè yon **pwen entèwogasyon**, nou dwe fè yon poz epi bay vwa nou ton ki montre se yon kesyon n ap poze.
-

---

## Leson 15. Idantite mwen

---



Mwen pa lalin, mwen pa zetwal.  
Mwen tankou yon gwo riban.  
Mwen gen plizyè koulè.  
Timoun kou granmoun renmen wè m.  
Mwen parèt nan syèl la,  
Chak fwa yon gwo lapli fin tonbe.  
Ki sa mwen ye ?



### M ap li

rankontre    trete    travayè    trebiche    traktè    triyang



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Lakansyèl** : fòm koub ki gen plizyè koulè ki parèt nan syèl la lè lapli fin tonbe.

**Kilti** : tout sa yon pèp fè nan fason li viv epi ki fè li diferan de yon lòt pèp.


---

### Mwen dwe konnen

- Yon **pwen** se yon siy nou itilize pou nou fini yon fraz.
  - Yon **pwen esklamasyon** se yon siy nou itilize nan fen yon fraz lè fraz la eksprime admirasyon oswa lè li montre yon moun sezi.
  - Yon **pwen entèwogasyon** se yon siy nou itilize nan fen yon fraz pou nou montre se yon kesyon ki poze.
-

---

## Peyi mwen



Menm jan ak lakansyèl

Peyi m bèl

Mizik mwen tande, lang mwen pale

Dans twoubadou ki fè m danse

Peyi m bèl

Yo tout di ki moun mwen ye

Kilti m se idantite m

Ayisyen mwen ye

Peyi m se Ayiti


Mwen renmen l san mezi.



### M ap reflechi sou tèks la

1. Ki gwoup mo ki repete nan tèks sa a ?
  2. Èske tèks sa a se yon pwezi ? Pou ki sa ?
  3. Sou ki sa yo pale nan tèks sa ?
  4. Site 3 eleman ki fè peyi a bèl.
  5. Èske w renmen peyi w ? Pou ki sa ?
-

## Leson 16. Lavi nan kominote a



### M ap li

deboutonnen

deboulonnen

debranche

debare

deplase

degonfle



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Fatige** : ki pèdi fòs, ki pa gen enèji, ki delala.

**Panse** : sonje yon moun.



### M ap li ak bon ton

Viv an kominote,

Se viv nan solidarite,

Tankou frè ak sè,

Nan bon jan respè.

---

## Lèt Sara pou zanmi li Jislèn

Monwi, 20 jiyè 2012

Jislèn, zanmi mwen

Depi lekòl la fèmen an, mwen pa t janm gen chans ekri w. Men mwen toujou panse ak ou. Mwen pa ka bliye tout bèl jwèt nou te konn fè nan rekreyasyon.

**mèvèy :**  
Gwo zafè.  
Ki bèl anpil.

Pandan vakans la manman m te mennen m vizite Sodo. Se pa ti **mèvèy** Jislèn ! Lè nou rive, mwen wè yon pakèt moun k ap monte desann. Yo vin nan fèt Chanpèt. Pitit ! Gen yon chit dlo ki soti sou yon tèt mòn byen wo k ap glise desann. Anpil moun t ap benyen nan chit dlo a. Se pa ti bèl non ! Manman m di mwen : « Mòn sa a rele Mòn Tèrib. »

**kostimdeben :**  
Rad fi mete sou  
li pou li benyen.

Sou mòn nan gen divès kalite pyebwa. Erezman nou te mache ak **kostimdeben** nou ! Nou benyen jis nou fatige. Aprè sa, nou bwè dlo kokoye. Mwen p ap janm bliye vizit sa a. M ap tan nouvèl ou. M espere nou va kontre pandan vakans yo.

Zanmi w, Sara



### M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Kilès ki ekri lèt la ?
2. Kilès k ap resevwa lèt la ?
3. Nan ki dat lèt la fèt ?
4. Ki kote yo te vizite ?

---

#### Mwen dwe konnen

- Yon **prefiks** se yon silab nou ka mete devan yon mo pou nou fòme yon lòt mo.
  - Yon **lèt** se yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt moun. Li pèmèt yon moun kominike ak yon lòt moun.
  - **Lèt pèsònèl** la se yon lèt nou ka voye bay fanmi nou oswa zanmi nou.
  - **Lèt ofisyèl** la se lèt nou ka voye bay moun k ap travay nan leta oswa lòt kote.
-

---

## Leson 17. Lavi nan kominote a

---

*Lèt Sara pou zanmi li Jislèn, paj leson 16 la*

---



Mwen se yon fwi.

Mwen donnen an grap.

Mwen gen koulè jòn oswa vèt.

Yo keyi m ak gòl oswa ak men.

Yo bwè dlo m, yo manje nannan m.

Yo sèvi ak nannan m pou fè tablèt.

Ki sa mwen ye ?

---



### M ap li

imobil

illegal

imoral

iresponsab

imigrasyon

---



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Sodo** : pwovens nan peyi d Ayiti kote anpil moun toujou al fete chak mwa jiyè.

**Sou** : ki anlè.

---



### M ap reflechi sou tèks la

1. Nan ki epòk Sara ekri zanmi l la ?
  2. Pou ki sa Sara di l p ap janm bliye vizit la ?
  3. Si w t ap fè repons lèt la ki sa w t ap di ?
- 



### M ap li ak bon ton

Ivlin vwayaje.

Ivlin vwayaje ?

O, Ivlin vwayaje !


---

### Mwen dwe konnen

- Yon fraz se yon gwoup mo ki byen ranje pou li gen yon sans.
  - Yon **fraz** gen de pati ladan l : yon **gwoup sijè** ak yon **gwoup predika**.
-



## Leson 18. Lavi nan kominote a



### M ap li

maltèt

malchans

maldan

malerezman

malonèt



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Òganize** : planifye, fè tout preparasyon pou yon aktivite.

**Plas** : espas lib ki byen ranje kote moun ka vin pwomennen, jwe oswa fè fèt.



### M ap li ak bon ton

Ala bèl sa bèl lè nou tout potekole.

Lè yon vwazen ede yon lòt vwazen.

Vwazinaj se poto mitan yon kominote.

An n kenbe men pou n viv san plenyen.

### Mwen dwe konnen

- **Gwoup sijè a** se mo ki fè nou wè sou kilès oswa sou ki sa yo pale nan **gwoup predika a**.

---

## Lèt Sègo pou zanmi li Albè



Bèlè, 5 jiyè 2012

Albè, zanmi mwen

Sa fè twa mwa depi paran ou te deside kite katye Bèlè. Chak jounen ki pase, mwen sonje lago deli nou te konn fè chak apremidi.

**baskèt :**

Espò ki jwe ak men, yon balon ak de panye.

**kawousèl :**

Jwèt ki gen plizyè chèz k ap vire touwon.

Mwen swete ou pa bliye jan nou te konn amize nou nan katye a lè ou te la. Se toujou menm anbyans la. Mete sou sa, kounye a gen yon plas ak yon teren **baskèt** tou nèf. Chak apremidi, anpil timoun al flannen sou plas la. Yo jwenn divès kalite jwèt. Gen balansin, glisad ak **kawousèl**. Gen machann k ap vann sirèt, bonbon ak fresko.

Timoun ki pi gran yo fè yon komite pou òganize yon chanpyona baskèt. Mwen ta renmen ou jwe nan ekip mwen an. Si paran ou dakò wa fè m konnen nan pwochen lèt ou a.

Zanmi w Sègo



### M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ki jan yo rele moun ki ekri lèt la ?
  2. Ki kote l rete ?
  3. Ki jan yo rele moun k ap li lèt la ?
  4. Ki chanjman li di zanmi li an ki gen sou katye a ?
-

---

## Leson 19. Lavi nan kominote a

---

*Lèt Sègo pou zanmi li Albè, paj leson 18 la*

---



Mwen se yon jwèt.

Yo fè m ak fè oswa ak kawoutchou.

Mwen se yon chèz.

Yo mare m anlè.

Timoun kou granmoun

Renmen chita sou mwen.

Mwen balanse devan ak dèyè.

Ki sa mwen ye ?

---



### M ap li

retounen

rejwe

repase

rekòmanse

repwodui

rekonpoze

---



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Nèf** : ki pako sèvi, ki fèk achte.

**Kite** : deplase al viv yon lòt kote.

---



### M ap reflechi sou tèks la

1. Ki sa katye a vin genyen ?
  2. Èske w panse Albè ap dakò jwe nan chanpyona a ? Pou ki sa ?
  3. Si w te abite nan menm katye a ki jwèt ou t ap renmen ? Pou ki sa ?
- 



### M ap li ak bon ton

Estè al fè espò.

Estè al fè espò ?

Estè al fè espò !

---

**Mwen dwe konnen**

- **Gwoup predika** a eksprime sa ki pase nan fraz la.
-

---

## Leson 20. Lavi nan kominote a

---



Mwen gen yon elis.  
Yo mete m kanpe oswa  
Yo kole m nan mi kay.  
Mwen mache ak kouran.  
Mwen ka vire vit oswa dousman.  
Mwen sèvi pou bay van.  
Ki sa mwen ye ?



### M ap li

debare

deplase

imobil

ilegal

malerezman

malonèt

rekòmanse

rekonpoze



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la nan tèks la

**Konkou** : bay koutmen, potekole, ede.

**Dwe** : obligasyon pou fè yon bagay.


---

#### Mwen dwe konnen

- Yon **fraz** gen de pati : yon **gwoup sijè** ak yon **gwoup predika**.
  - **Gwoup sijè** a se mo ki fè nou wè sou kilès oswa sou ki sa yo pale nan **gwoup predika** a.
  - **Gwoup predika** a eksprime sa ki pase nan fraz la
-

---

## Viv ansanm !



Viv ansanm,  
Se viv nan respè youn pou lòt.

Viv ansanm,  
Se viv byen ak tout moun,  
Pote konkou lè gen bezwen.

Nou dwe viv ansanm  
Paske youn bezwen lòt.


Nou dwe viv ansanm  
Pou kominote nou devlope.



### M ap reflechi sou tèks la

1. Ki gwoup mo ki pi enpòtan nan tèks la ?
  2. Vre oswa pa vre. Tèks la di :
    - Viv nan lanmou se pa respekte lòt yo.
    - M ap viv byen san pote konkou.
    - Lè n viv byen kominote a ka devlope.
  3. Pou ki sa nou dwe viv ansanm ?
  4. Èske ou panse ou dwe byen viv ansanm ak tout moun ki bò kote w ? Pou ki sa ?
-

## Leson 21. Mis kò nou



### M ap li

diskalifye

dispansè

dispoze

diskou



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Atansyon** : prekonsyon yon moun dwe pran.

**Mis** : chè ki sou kò moun ki kenbe zo yo epi ki pèmèt kò a fè mouvman.



### M ap li ak bon ton

Atansyon pa kapon.

Mwen p ap aji sou presyon.


M ap pran bon jan prekosyon.

Prekosyon se pi bon solisyon.

---

## Monte bisiklèt

M ta renmen eseye bekàn ou an ! Se sa Elizabèt di Pepitou, zanmi li, bò lari devan lakay li. Avèk anpil etònman, Pepitou di li : « O ! Depi kilè w te konn monte bisiklèt ? » M poko fò non... Enben mwen pral gide w. Pa pè. Fè atansyon sèlman. Se konsa Elizabèt monte sou sèl la, li chita. Pepito soutni Elizabèt. Mis bra li yo gonfle. Elizabèt kòmanse pedale tou dousman.



Pepitou, li menm, l ap pouse l ak prekosyon, pa twò fò. Ofiramezi l ap konprann... A ! li tonbe pedale, Pepitou ap kouri avè l bò kote l, souf li byen anlè. L ap repete :

### **laperèz :**

Gwo krent yon moun.

« Anfòm Elizabèt ! Anfòm ! Pedale toujou. Men sonje gade devan w. » Kontantman monte Elizabèt nan tèt, li tonbe pedale vit. Zanmi l raple l alòd li di l :

### **tranble :**

Mouvman rapid kò yon moun fè lè li pè oswa lè li frèt.

« Pa ale vit konsa machè ! »

Elizabèt santi l nan syèl. Li fyè. Men sibitman, yon santiman **laperèz** pase nan lespri l. Gidon kòmanse ap souke nan men l. Kay vwazinay yo ap defile devan l... Woy yon obstak parèt ! Bisiklèt la kontre ak yon wòch. Wou devan ralanti, li vibre san kontwòl... Elizabèt al pou l tonbe... Pepitou, gentan atrape l ansanm ak bisiklèt la ! Mis bra Pepitou yo gonfle. Elizabèt sezi epi l di ak yon vwa **tranble** :

« Mèsi Pepitou ! Erezman ou te konn fè espò pou travay mis ou yo ! »



## M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ki jan yo rele pèsonaj yo ?
2. Ki sa y ap fè ?
3. Ki sa ki te rive ?

---

### Mwen dwe konnen

- Yon **konjonksyon** se yon mo ki sèvi pou relye de lide nan yon fraz.
  - Konjonksyon **epi** sèvi pou montre toulède lide yo ka mache ansanm.
-

---

## Leson 22. Mis kò nou

---

*Monte bisiklèt, paj leson 21 an*

---



Mwen se yon veyikil.

Mwen pa moto, mwen pa machin.

Mwen gen de wou pou mwen woule.

Mwen gen yon sèl pou moun chita.

Mwen gen fren tankou machin ak moto.

Mwen gen yon gidon pou yo ka dirije m.

Mwen al vit, lè yo pedale m vit.

Ki sa mwen ye ?

---



### M ap li

enfòmasyon

enjistik

enpasyon

enkonsyans

enpasyon

---



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Obstak** : tout sa ki ka anpeche yon moun, yon bèt oswa yon objè sikile.

**Ralanti** : ale pi dousman.

---



### M ap reflechi sou tèks la

1. Daprè ou èske monte bisiklèt se yon egzèsis ki fasil ? Pou ki sa ?
  2. Èske w panse Pepitou se yon bon pwofesè ? Pou ki sa ?
  3. Si w t ap kontinye istwa a, ki jan w t ap fini l ?
- 



### M ap li ak bon ton

O ! Depi kilè w te konn monte bisiklèt ? M poko fò non... Enben nan ka sa a, swa ou fè plis pratik pou kont ou oubyen ou fè yon moun kenbe pou ou.



---

**Mwen dwe konnen**

- Konjonksyon oubyen sèvi pou montre se yon lide oswa yon lòt.
-



## Leson 23. Mis kò nou



### M ap li

gripe

klipse

plase

danse

plante

sanse



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Kategori :** gwoup plant, bèt oswa objè ki menmjan.

**Kou :** tout sa yon mèt oswa yon matmwazèl aprann yon gwoup elèv sou yon matyè.



### M ap li ak bon ton

Fè espò se ede mis yo gwosi.

Mis yo bezwen, ze, lèt, pwazon, fwi

Ak tout lòt kalite manje,

Pou yo ka djanm epi byen devlope.

### Mwen dwe konnen

- Konjonksyon **men** sèvi pou make opozisyon oswa diferans ki gen ant de lide.

## Manje ki bon pou mis yo



Yon semèn apre eksperyans monte bisiklèt la, Elizabèt ale lekòl. Pwofèsè a t ap wè yon leson sou mis nan kò moun. Li di yo :

« Mis yo jwe yon wòl enpòtan nan fonksyonman kò nou. Se pou rezon sa a nou dwe toujou pran swen yo.

Pou nou rive fè sa byen, nou dwe konnen ki kalite manje ki ka ede mis yo rete solid epi **djanm**. Pami manje sa yo, nou jwenn de kategori. Yon kategori manje ki devlope mis yo tankou vyann, ze ak lèt. Yon lòt kategori manje ki ede yo rete anfòm tankou anana, zepina, kreson, seriz, papay ak lòt ankò. Nou dwe konnen chak kalite fwi ak legim aji nan fason pa li sou mis yo. Pa egzanp, anana se yon fwi ki anpeche mis yo anfle. Zepina ak kreson se de **legim** ki pèmèt mis yo rete ansante epi ki ba yo plis fòs.

Se poutèt sa li enpòtan pou nou manje manje k ap pèmèt mis yo byen devlope epi rete **djanm**. »

Aprè kou a, Elizabèt di tèt li : « Kounye a, mwen konprann enpòtans pou m manje manje k ap pèmèt mis mwen byen devlope. »

**djanm :**  
Ki solid.

**legim :**  
Tout plant  
moun ka manje  
fèy yo, rasin  
oswa tij yo.



### M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ki kote Elizabèt ye ?
2. Ki leson pwofèsè a t ap wè ak elèv yo ?
3. Ki kalite manje ki devlope mis yo ?
4. Pou n ba mis la fòs ki sa n dwe manje ?
5. Èske Elizabèt te konprann leson an ? Pou ki sa ?

---

## Leson 24. Mis kò nou

---

*Manje ki bon pou mis yo, paj leson 23 a*

---



Mwen gen fòm oval.  
Pafwa mwen koulè blan,  
Pafwa mwen gen koulè jòn.  
Lè ou kase m,  
Mwen gen tou de koulè yo.  
Yo manje m bouyi oswa fri.  
Se bèt volay ki ponn mwen.  
Ki sa mwen ye ?



### M ap li

mennen

trennen

boutonnen

boulonnen

frennen

grennen



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Devlope** : byen grandi, pwofite.

**Fonksyònman** : jan yon bagay fonksyone.



### M ap reflechi sou tèks la

1. Pou ki sa ou dwe pran swen mis ou yo ?
2. Èske w panse leson sou mis yo enpòtan pou elèv yo ?
3. Ki desizyon w pran aprè enfòmasyon sou mis yo ?



### M ap li ak bon ton

Chak kalite fwi ak legim aji nan fason pa li sou mis yo. Pa egzanp, anana se yon fwi ki anpeche mis yo anfle men li pa fè yo devlope. Kidonk fòk nou konsome tout kalite fwi.

**Mwen dwe konnen**

- Konjonksyon **kidonk** sèvi pou montre dezyèm lide a se konklizyon premye lide a.
-

---

## Leson 25. Mis kò nou

---



Mwen se yon fwi.  
Po mwen vèt.  
Mwen gen anpil grenn.  
Mwen donnen atè.  
Mwen fè anpil lyann.  
Yo manje m nan dan,  
Oswa yo fè ji avè m.  
Mwen se kouzen ak joumou.  
Ki sa mwen ye ?



### M ap li

dispanse

dispoze

enkonsyans

enpasyans

danse

plante

frennen

grennen



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Alimante** : nourri kò nou oswa yon pati nan kò nou pou li byen fonksyone.

**Enèji** : fòs kò yon moun oswa yon pati nan kò moun nan bezwen pou li byen fonksyone.

---

### Mwen dwe konnen

- Konjonksyon **epi** sèvi pou montre tou de lide yo ka mache ansanm.
  - Konjonksyon **oubyen** sèvi pou montre se yon lide oswa yon lòt.
  - Konjonksyon **men** sèvi pou make opozisyon oswa diferans ki gen ant de lide.
  - Konjonksyon **kidonk** sèvi pou montre dezyèm lide a se konklizyon premye lide a.
  - Yon **akwostich** se yon pwezi kote lè nou mete premye lèt nan chak liy yo ansanm y ap fòme yon mo oswa yon fraz nou kapab li soti anwo rive anba.
-

---

## LASANTE !




Lanati donnen anpil manje :  
Anana, melon, zoranj, mango...  
San konte tout legim yo.  
A ! fwi ak legim se motè pou kò nou.  
N ap devlope mis nou lè n manje yo.  
Toutan fò n alimante mis yo.  
Enèji ak fòs se prèv ou gen lasante.



### M ap reflechi sou tèks la

1. Pran chak lèt ki nan kòmansman chak liy epi fòme yon mo avèk yo.
  2. Ranplase mo « ponpe » ak yon lòt mo nan premye liy la.
  3. Pou ki sa fwi ak legim se motè kò nou ?
  4. Èske w ta renmen devlope mis ou yo ? Pou ki sa ?
-

## Leson 26. Pwoblèm kominote a konsène tout moun



### M ap li

depliye

depale

dekole

demele

deranje

defile



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Debouche** : retire kouvèti sou yon twou oswa yon objè ki fon.

**Aksidan** : yon evènman oswa yon pwoblèm ki rive sanzatan.



### M ap li ak bon ton

Katye m depann de mwen.

Mwen renmen katye mwen.

M ap jete fatra nan poubèl

Pou katye m toujou bèl.

---

## Lèt Simon pou majistra Lik

Kafou fèy, 7 mas 2007

Majistra Lik Jozèf,

Mwen rele Jowèl Simon. Mwen gen dizan. Mwen ekri ou pou mwen mete ou okouran de yon pwoblèm ki genyen nan katye mwen.


Depi plis pase ui jou, gen yon **tourego** ki debouche devan lakay mwen an.

Avanyè gen yon **kamyonèt** ki tonbe nan twou a. Sa te lakòz plizyè pasajè blese. Se moun sou katye a ki te ede chofè a retire kamyonèt la nan tou a. Yè, pandan m ap travèse lari a ak zanmi m yo, mwen manke tonbe nan twou a. Mwen panse tourego sa a dwe bouche pou li pa lakòz lòt aksidan ankò.

Tout moun nan katye a ta renmen ou fè anplwaye lameri yo bouche twou a. Konsa machin kou pyeton ap sikile san pwoblèm.

Majistra, nou salye ou. Nou vle kwè meri a ap fè sa li kapab pou rezoud pwoblèm nan byen vit.

Simon Lwi



### **tourego :**

Two ki nan mitan nan lari ki sèvi pou dlo lapli sikile.

### **kamyonèt :**

Machin ki kouvri an tòn ki sèvi pou fè taksi.



## M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Kilès ki resevwa lèt la ?
2. Ki kote Simon Lwi rete ?
3. Chwazi fraz ki mache ak lide tèks la nan fraz anba yo :
  - Simon Lwi ta renmen tourego a bouche paske l devan kay li.
  - Simon Lwi ta renmen tourego a bouche pou tout kominote a.
  - Simon lwi ekri majistra pou egzije l ranje tourego a.
4. Pou ki sa Simon ta renmen tourego a bouche ?

---

### Mwen dwe konnen

- Yon **lèt** se yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt moun.
- Yon **lèt opinyon** se yon lèt yon moun ekri pou li di sa li panse.

---

## Leson 27. Pwoblèm kominote a konsène tout moun

---

*Lèt Simon pou majistra Lik, leson 26 la*

---



Mwen se yon gason oswa yon fi.

Mwen se yon otorite Leta.

M ap dirije yon komin.

Travay mwen se ede komin mwen devlope.

Biwo kote m ap travay la rele lameri.

Kilès mwen ye ?

---



### M ap li

tourego

debouche

tonbe

aksidan

pasajè

blese

---



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Anplwaye** : Moun k ap travay yon kote.

**Sikile** : Mache, kouri, fè ale vini.

---



### M ap reflechi sou tèks la

1. Èske w dakò ak lèt Simon Lwi a ? Pou ki sa ?
  2. Pou ki rezon Simon Lwi pale pou tout moun nan katye a ?
  3. Lè katye w gen pwoblèm ki sa ou konn fè ?
- 



### M ap li ak bon ton

Makso di Jonas : « Ou dwe kondi bisiklèt ak prekosyon pou w ka evite aksidan. »


---

**Mwen dwe konnen**

- **Gimè** yo se siy ki ka sèvi pou rapòte pawòl yon pèsonaj jan pèsonaj la te di pawòl la.
  - Premye gimè a toujou vini aprè de pwen.
-



## Leson 28. Pwoblèm kominote a konsène tout moun



### M ap li

komin

leta

lameri

majistra

anplwaye

devwa



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Lèt** : yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt moun.

**Enfòmè** : mete okouran. Fè konnen yon nouvel. Bay yon enfòmasyon.



### M ap li ak bon ton

Viv an kominote se viv men nan men.

Youn siveye pou lèt.

Youn ka frape pòt lèt.

Viv an kominote se viv san goumen.

### Mwen dwe konnen

- Si pawòl pèsonaj la se yon fraz konplè, nou dwe mete siy ponktiyasyon ki fini fraz la anvan nou fèmen gimè yo.

---

## Lèt majistra Lik pou Simon

Kafou fèy, 9 mas 2007

Simon,

Mwen resevwa lèt ou a  
maten an. Mwen pa kache  
di w, ou etone m anpil.  
Mwen fyè de ou. Se pou sa  
mwen pa tann demen rive  
pou mwen reponn ou.



Toudabò mwen dwe  
remèsye ou paske ou

enfòm lameri sou yon pwoblèm ki genyen nan katye ou. Konsa ou ede nou  
idantifye pwoblèm nan. Epi ou ban nou posiblite pou nou rezoud li nan  
enterè tout kominote a. Menm jan ak ou, tout sitwayen dwe konnen yo gen  
dwa mete **Leta** okouran de pwoblèm kominote yo.

### Leta :

Asanm  
enstitisyon  
piblik ak moun  
ki la pou dirije  
yon peyi.

### komin :

Yon pati nan  
yon depatman,  
yon majistra  
ap dirije.

Se devwa Lameri pou li bay tout moun sèvis nan **komin** nan. Donk prese  
prese, m ap mande anplwaye yo pou yo ale bouche tou a.

Yon fwa ankò m ap di w mèsè epi m ap felisite ou pou demach ou a.

Majistra Lik Jozèf



## M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Pou kilès repons lèt sa ye ?
  2. Nan ki moman majistra a ekri repons lèt la ?
  3. Ki dwa tout sitwayen genyen ?
  4. Pou ki sa majistra a felisite Simon pou demach li a ?
-

---

## Leson 29. Pwoblèm kominote a konsène tout moun

---

*Lèt majistra Lik pou simon, leson 28 la*

---



Mwen se yon fèy papye.

Yo ekri sou mwen ak plim.

Yo sèvi avè m pou yo voye yon mesaj

Oswa pou ka pran nouvèl yon moun.

Avan yo voye m, yo siyen m.

Aprè sa yo mete m nan anvlòp.

Ki sa mwen ye ?

---



**M ap li**

repliyè

rekoud

redistribiye

danse

plake

file

---



**M ap aprann sans mo ki nan tèks la**

**Idantifye** : dekouvri yon pwoblèm oswa yon objè.

**Enterè** : sa ki nan avantaj, sa ki bon.

---



**M ap reflechi sou tèks la**

1. Èske Majistra Lik se yon bon Majistra ? Pou ki sa ?
  2. Daprè ou, èske majistra a gen rezon reyaji vit ? Pou ki sa ?
  3. Si w t ap ekri majistra a pou katye pa w la ki sa ou t ap mande l ?
- 



**M ap li ak bon ton**

Nadèj di Sonya : « Malè pa gen klaksòn, se pridans ak bon kontwòl ki ka evite malè ».

---

**Mwen dwe konnen**

- **Gimè** yo se siy ki ka sèvi pou rapòte pawòl yon pèsonaj jan pèsonaj la te di pawòl la.
-

---

## Leson 30. Pwoblèm kominote a konsène tout moun

---



Mwen se yon gason.

Mwen se fanmi w.

Manman w se matant mwen.

Papa m se frè manman w.

Kilès mwen ye ?

---



### M ap li

pwograme    depwograme    dekonekte    dokimantè    chifonnen

---



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Fratènite** : Lè de moun ap viv tankou de frè oswa tankou frè ak sè.

**Konsekan** : Moun ki gen lazon, ki gen bon jan konprann.

---

### Mwen dwe konnen

- Yon **prefiks** se yon silab nou ka mete devan yon mo pou nou fòme yon lòt mo.
  - Yon **sifiks** se yon lèt oswa yon gwoup lèt nou ka mete dèyè yon mo pou nou fòme yon lòt mo.
  - **Gimè** yo se siy ki ka sèvi pou rapòte pawòl yon pèsonaj jan pèsonaj la te di pawòl la.
-

---

## Viv an kominote



Bati kominote mande fratènite.

Nan katye kote lavi fleri

Pwoblèm tout kalite dwe peri.

Lameri yo toujou pare pou sipòte

Men konkou pa nou enpòtan.

Nou tout fè youn, se règleman.

Sitwayen sipoze konsekan pou tout tan.



### M ap reflechi sou tèks la

1. Ki son ki fini twa dènye liy yo ?
  2. Ak ki mo ou ka ranplase « fleri » ak « peri » ?
  3. Ki règleman nou dwe kenbe nan yon kominote ?
  4. Pou ki sa tout sitwayen dwe bay konkou yo ?
  5. Èske w konn pote konkou w nan kominote w ap viv la ? Ki jan ?
-

## Leson 31. Pwodui latè



### M ap li

manje

mayi

zaboka

sitwon

ji

gou



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Lapenn** : tristès, kè sere.

**Rich** : ki posede anpil lajan ak byen.



### M ap li ak bon ton

Fwi yo se richès latè.

Yo donnen anlè kou atè.

Fwi yo ka fè divès kalite pwodui.


Abriko ak gwayav fè konfiti.

Papay ak kowosòl fè ji.

---

## Grenn zaboka ak grenn sitwon

Yon maten, Lina ak manman li fin manje yon mayi moulen ak zaboka. Aprè sa, yo bwè yon bon ji sitwon. Lè yo fin manje, Lina al jete fatra yo nan poubèl la. **Bridsokou**, li tande yon pakèt **wounouwounou** nan panye fatra a. Li sezi, li pran tranble. Li vle kouri men li pwoche kanmenm bò poubèl la. L ap tande : « Mezanmi, jan zaboka a te gou, plas mwen pa nan panye fatra non ! Jan sitwon fè bon ji ! Non ! Plas mwen pa la tou. »



**bridsokou :**  
Toudenkou,  
imedyatman,  
sanzatann.

**wounouwounou :**  
Bougonnen.  
Pale nan gòj.

Lina pa vle kwè se vwa grenn zaboka ak grenn sitwon li tande a. Li avanse pi pre. Grenn zaboka di ak lapenn : « Lina, voye nou nan teren vid sou kote a, tanpri. N ap fè ou menm ak tout fanmi ou vin rich. »  
San pèdi tan, Lina voye yo nan teren vid la. Oo ! Menm kote a, yon ti pye zaboka ak plizyè pye sitwon kòmanse pouse. Yo grandi. Yo fleri. Yo donnen. Lina ak fanmi li tonbe vann zaboka ak sitwon. Moun soti toupatou vin achte. Se yon vi tou nèf pou Lina ak fanmi li !



### M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Site pèsonaj ki nan tèks la ?
2. Ki pwoblèm grenn zaboka ak grenn sitwon yo te kontre ?
3. Ki solisyon yo te jwenn ?
4. Ki sa ki pase nan finisman tèks la ?

---

### Mwen dwe konnen

- Yon **istwa imajinè** se yon istwa kote pèsonaj yo, anviwònman yo ak tout aksyon yo pa sanble ak sa ki egziste nan reyalyte a.
- Yon **non** se yon mo ki pèmèt nou idantifye yon moun, yon bèt oswa yon objè.

---

## Leson 32. Pwodui latè

---

*Grenn zaboka ak grenn sitwon, leson 31 an*

---



Mwen se yon fwi.

Lè mwen poko mi, mwen gen koulè vèt.

Lè mwen mi, mwen gen menm koulè a,

Oswa mwen gen koulè vyolèt.

Yo tranche m pou manje m ak pen.

Yo manje m tou ak mayi moulen.

Ki sa mwen ye ?

---



### M ap li

teren

grenn

donnen

vann

achte

rich

---



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Vid :** Ki pa gen anyen sou li.

**Toupatou :** tout kote.

---



### M ap reflechi sou tèks la

1. Ki jan w t ap reyaji si w te nan plas Lina bò poubèl la ?
  2. Èske w panse grenn sitwon ak grenn zaboka te gen rezon pou yo ale nan teren vid la ? Pou ki sa ?
  3. Ki sa ou t ap fè nan plas Lina ak fanmiy li ?
- 



### M ap li ak bon ton

Grenn zaboka di : « Mezanmi, jan zaboka a te gou ! Plas mwen pa dwe nan panye fatra. »


---

#### Mwen dwe konnen

- Yon **non pwòp** se non patikilye yo bay yon moun, yon peyi, yon vil oswa yon bèt.
  - Yon **non pwòp** toujou kòmanse ak yon lèt majiskil.
-



## Leson 33. Pwodui latè



### M ap li

agwonòm

abitan

kiltivatè

zwazo

toutrèl

sèpantye



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Teknik** : Konesans ak mwayen moun itilize pou fè yon travay.

**Esplike** : Fè yon moun konprann ki jan pou li fè yon travay.



### M ap li ak bon ton

Plante mande anpil pasyans ak volonte.

Yon kiltivatè lite avan li rekòlte.

Li sekle, li laboure, li bite.

Menm lè li fin plante li toujou ap siveye.

### Mwen dwe konnen

- Yon non pwòp se non patikilye yo bay yon moun, yon peyi, yon vil oswa yon bèt.
- Tout lòt non yo se non komen.

---

## Yon zwazo agwonòm

Toutrèl ap viv nan vale Lèzanj. Abitan nan zòn sa a pa t janm ka fè yon bon rekòt. Yon jou, Sèpantye al vizite Toutrèl. Li sezi wè se plim sèlman ki rete sou kò Toutrèl.



Toutrèl di l tou ba : « Gad jan ou gra ! Kote ou jwenn manje ? »

**agogo :**  
An kantite.

Sèpantye reponn : « Tande misye ! Nan peyi m gen manje **agogo** ! Agwonòm yo ba kiltivatè yo bon jan teknik pou yo plante. »

Toutrèl mande Sèpantye ede yo. Li pwomèt li l ap fè sa. Kèk jou aprè, yon gwo kout loray gwonde nan syèl la. Yon zwazo nwa e mawon gwose yon chen soti nan yon kout zèklè. Li pouse yon kri byen fò. Tout moun rete an silans.

Zwazo a pran lapawòl : « Mwen rele Louna. Nou pa bezwen pè. M se yon agwonòm. M vin fè latè pwodui pou nou ! »

**laboure :**  
Vire tè a ak yon chari oswa yon traktè avan yo simen grenn.

Toutrèl gentan konprann. Zwazo a esplike yo kòman pou yo **laboure** tè, nan ki dat pou yo plante ak ki kalite manje tè a ka pwodui.

Kiltivatè yo suiv tout konsèy Louna yo. Mezanmi ! Twa mwa pako pase, tout jaden rekòmanse donnen. Lavi tounen nan kominote a.



### M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. VRE oswa PA VRE :
    - Yo prezante Toutrèl ak Sèpantye nan mitan tèks la.
    - Yo prezante Toutrèl ak Sèpantye nan kòmansman tèks la.
    - Yo prezante Toutrèl ak Sèpantye nan finisman tèks la.
  2. Ki pwoblèm ki genyen na vale Lèzanj ?
  3. Pou ki sa tout moun rete an silans ?
  4. Ki sa Louna te vin fè ?
-

---

## Leson 34. Pwodui latè

---

*Yon zwazo agwonòm, leson 33 a*

---



Mwen pa zetwal.  
Mwen pa solèy.  
Mwen pa lalin.  
Mwen pa lakansyèl non plis.  
Mwen se yon gwo limyè.  
Mwen klere nan syèl la  
Chak fwa yon loray pral gwonde.  
Ki sa mwen ye ?

---



### M ap li

laboure

teknik

plante

pwodui

loray

zèklè

---



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Rekòt** : pwodui ki soti nan yon jaden.

**Pwomèt** : pran angajman pou fè oswa bay yon moun yon bagay.

---



### M ap reflechi sou tèks la

1. Ki jan w t ap reyaji lè zwazo a soti nan kout zèklè a ?
  2. Èske istwa a pase tout bon vre ? Pou ki sa ?
  3. Èske w renmen aksyon Louna fè pou zòn nan ? Pou ki sa ?
  4. Si w t ap kontinye istwa sa w t ap di ?
- 



### M ap li ak bon ton

Sèpantye reponn : « Tande misye ! Nan peyi m gen manje agogo ! Agwonòm yo ba kiltivatè yo bon jan teknik pou yo plante. »

---

**Mwen dwe konnen**

- Yon **non** se yon mo ki pèmèt nou idantifye yon moun, yon bèt oswa yon objè.
  - Yon **non** pwòp se non patikilye yo bay yon moun, yon peyi, yon vil oswa yon bèt.
-

---

## Leson 35. Pwodui latè

---



Mwen se yon zouti pou travay tè.

Mwen fèt an fè.

Mwen plat epi mwen file.

Mwen gen manch an bwa.

Kiltivatè pote m sou zepòl yo.

Yo sèvi avè m pou sekle ak bite tè.

Ki sa mwen ye ?

---



### M ap li

sitwayen

kominote

katye

fratènite

règleman

sipòte

---



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Bite** : fè bit tè pou plante patat oswa manyòk.

**Sekle** : retire move zèb nan yon jaden ak yon wou oswa ak yon manchèt.

---

### Mwen dwe konnen

- Yon non se yon mo ki pèmèt nou idantifye yon moun, yon bèt oswa yon objè.
  - Yon non pwòp se non patikilye yo bay yon moun, yon peyi, yon vil oswa yon bèt.
  - Tout lòt non yo se non komen.
  - Yon non pwòp toujou kòmanse ak yon lèt majiskil.
-

---

## Pou Ayiti



### Pou Ayiti

O non Zansèt yo

Se pou n sekle

Se pou n plante

Se nan tè tout fòs nou chita

Se li ki ba nou manje

An n bite tè, an n voye wou

Ak kè kontan fòk tè a bay

Sekle, wouze, fi kou gason

Pou n rive viv ak sèl fòs ponyèt nou

—Raymond A. Moise ak Ansy Deroze, 18 me 1980



### M ap reflechi sou tèks la

2. Ki sa n dwe fè pou peyi nou Ayiti ?
3. Pou ki sa yo di se nan tè fòs nou chita ?
4. Ki sa w panse tè pral bay lè li sekle ak wouze ?
5. Ki sa w panse ou ka fè pou w ede peyi w kounye a ?

## Leson 36. Kapasite mwen



### M ap li

pitit

papa

manman

paran

pwoteje

laswenyay



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Ankouraje** : bay kouraj.

**Piwèt** : divès mouvman yon zwazo fè lè l ap vole. Lè li pike tèt anba, vire sou do, ouvè zèl li byen laj.



### M ap li ak bon ton

Paran dwe pwoteje pitit yo.

Pran swen yo lè yo malad.

Ankouraje yo, ba yo akolad.

Metè yo lekòl pou prepare avni yo.

---

## Ti Kit blese

Vwala se te yon manman ak yon papa Kit. Yo te gen yon sèl ti pitit. Yo te rele li Ti Kit. Yo te renmen pitit yo anpil. Yo te toujou la pou pwoteje li. Sèlman yo te vle pou Ti Kit toujou rete bò kote yo. Men Ti Kit li menm bezwen al vizite lòt kote. Li vle ale toupatou. Toutan Ti Kit ap di paran li : « Mwen vle ale wè lòt peyi. » Men paran l te ankouraje li rete. Yon jou, Ti Kit



te leve douvanjou. Li te kòmanse bat zèl li. Li te bat zèl li jiskaske li vole byen wo. Aaaa li te kontan ! Li te pase tout jounen an ap gade lòt peyi. Ala bon sa bon pou m vole poukont mwen ! Pandan Ti Kit t ap fè piwèt nan syèl la yon kout fistibal pati. « Woy mwen pran yon kout wòch ! » Ti Kit pa t ka bat zèl dwat li. Li te fè efò pou al poze sou yon branch bwa. **Zèl** li t ap fè li mal anpil. Li di : « Si paran mwen te la yo ta bay mwen **laswenyay**. » Bridesoukou, li te tande yon bri pye k ap pwoche bò kote li. Li te pè. Li te sere tèt li anba zèl li.

**zèl :**

Pati nan kò yon zwazo ki pèmèt li vole.

**laswenyay :**

Bay swen.



### M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Di gwoup mo nan tèks la ki endike se yon istwa yo pral rakonte.
2. Ki jan yo rele pèsonaj ki pi enpòtan nan tèks la ?
3. Ki sa l te vle ?
4. Ki lè kout fistibal la te pati ?

---

#### Mwen dwe konnen

- Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
- Evènman yo se tout sa ki pase anndan yon tèks naratif.
- Yon **mo deskriptif** se yon mo ki sèvi pou di ki jan yon moun, yon bèt oswa yon objè ye.

---

## Leson 37. Kapasite mwen

---

*Ti Kit blese, leson 36 la*

---



Mwen se yon zouti pou chasè.

Mwen fèt an bwa.

Mwen gen fòm yon igrèk.

Mwen gen de kwòk.

Mwen mare ak de elastik.

Mwen sèvi pou tire wòch.

Ki sa mwen ye ?

---



### M ap li

zèl

vole

vwayaje

piwèt

poze

branch

---



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Sere** : cache pou pèsonn pa wè.

**Vole** : Deplase anlè.

---



### M ap reflechi sou tèks la

1. Èske Ti Kit te gen rezon ale ? Pou ki sa ?
  2. Èske Ti kit se yon bon zwazo ? Pou ki sa ?
  3. Si w te nan plas Ti Kit, ki sa w t ap fè pou vizite yon lòt peyi ?
- 



### M ap li ak bon ton

Ti Kit di zanmi li an : « Si paran mwen te la, yo t ap ba mwen laswenyay. »

Zanmi li an reponn li : « Pa pè Ti Kit, m ap pran swen w ». »


---

### Mwen dwe konnen

- Nan yon tèks naratif evènman yo ka reyèl, sa vle di tout sa ki pase nan tèks la sanble aksyon ki ka rive tout bon vre.
-



## Leson 38. Kapasite mwen



### M ap li

blese

soufri

swen

banday

soulaje

geri



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Vantrès** : fil ki soti nan yon pye bannann.

**Blese** : senyen akòz yon kou oswa yon chòk.



### M ap li ak bon ton

Mwen konnen fòs mwen.

Mwen konnen feblès mwen.

M ap fè sa mwen ka fè.

Konsa m ap toujou fè siksè.

### Mwen dwe konnen

- Lè sa ki pase nan tèks la pa sanble aksyon ki ka rive tout bon vre, nou di evènman yo imajinè.

---

## Ti kit refè

Ti Kit te rive poze sou yon branch bwa. Laperèz la vin pi fò toujou lè li te tande bri pye tou pwòch li. Yon ti gason, ak yon vwa tris, di :

« Ooo ! Se yon Ti Kit. Li blese nan zèl.

Gad jan l ap souffri ! »

Ayayay ! Ti Kit pa t vle ti gason an kenbe l.

Men **domaj** li pa t ka vole. Ebè di li :

« Pa pè, mwen p ap fè w anyen. »

Se atò Ti Kit te pè, li t ap tranble kou fèy bwa. Ebè te pran li. Ti Kit te kontinye pè paske li pa t konn sa ti gason an ta pral fè ak li. Ebè di :

« Pa pè tande, ti zwazo. Mwen pral pran swen ou. »

Ebè kase yon ti moso bwa, li chire yon ti vantrès bannann. Li mete ti bwa a anba zèl ki te kase a. Li te fè kòm yon bandaj pou zèl ti kit. Ti kit santi li soulaje.

Li di Ti Kit :

« Talè w ap geri. W ap ka vole ankò. »

Ebè te al chèche dlo ak manje pou Ti Kit. Aprè sa, li fè yon ti kay ak bwa kokoye pou ti kit. Li di li : « La, w a ka poze jouk tan ou refè. Ou pa bezwen pè, m ap okipe w. » Sou senk jou, Ebè te demare zèl la. Ti Kit te detire zèl li. Li te pran elan vole sou tèt Ebè. Li te fè yon ti chante pou Ebè, epi li te vole ale. Jou sa a, li te vole, vole, vole jiskaske li te rive kay manman li ak papa li. Paran ti Kit te kontan wè li. Yo te ba li yon bèl **akolad**.



**domaj :**  
Malerezman.

**akolad :**  
Sere yon moun  
nan bra w.



### M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Kilès ki te pwoche kot Ti Kit la ?
2. Kilès nan fraz sa yo ki mache ak istwa a :
  - Ti Kit pa t pè ti gason an.
  - Ti gason an ta pral manje Ti Kit.
  - Ebè vle pran swen Ti Kit.
3. Site tout sa Ebè itilize pou l panse zèl Ti Kit ?
4. Sou konbyen jou Ti Kit rive vole ?
5. Ki jan istwa fini ?

---

## Leson 39. Pwodui latè

---

*Ti kit refè, leson 38 la*

---



Mwen se yon pati  
Nan kò yon zwazo.  
Mwen pa tèt.  
Mwen pa pye.  
Mwen kouvri ak plim.  
Si m kase, zwazo a pa ka vole.  
Ki sa mwen ye ?

---



### M ap li

okipe      refè      detire      kontan      akolad      demare

---



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Elan** : ti kouri oswa ti mache yon zwazo fè anvan li vole.

**Bandaj** : moso twal long ki sèvi pou kenbe yon pansman sou yon malad.

---



### M ap reflechi sou tèks la

1. Pou ki sa Ti Kit pè a mezi ti gason an ap vanse ?
  2. Èske w renmen aksyon Ebè fè ak zwazo a ? Pou ki sa ?
  3. Fini istwa nan fason pa w pou w di sa Ti Kit fè aprè l fin kapab vole.
- 



### M ap li ak bon ton

Ebè te al chèche dlo ak manje pou Ti Kit. Li di Ti Kit : « Talè w ap geri. Aprè sa, w ap ka vole ankò. »

---

### Mwen dwe konnen

- Yon **mo deskriptif** se yon mo ki sèvi pou di ki jan yon moun, yon bèt oswa yon objè ye.
-

---

## Leson 40. Kapasite mwen

---



Mwen klere lajounen.

Mwen pa klere lannuit.

Mwen pa anpoul.

Mwen pa lalin.

Mwen se yon gwo zetwal.

Mwen chofo tè a.

Lè mwen klere twò fò,

Yo di li fè cho.

Ki sa mwen ye ?

---



### M ap li

solèy

leve

gade

mèvèy

mouvman

chofo

---



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Monte** : soti anba pou rive anwo.

**Solèy** : gwo zetwal ki klere epi kenbe tè a cho.

---

### Mwen dwe konnen

- Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
  - Evènman yo se tout sa ki pase anndan yon tèks naratif.
  - Yon **mo deskriptif** se yon mo ki sèvi pou di ki jan yon moun, yon bèt oswa yon objè ye.
-

---

## Pipirit



Menm si ou piti,  
Ou konn chante !  
Depi solèy leve,  
Ou gentan chofe !  
Pa gen yon bwa  
Ou pa monte.  
Mouvman ou fè  
pa gen parèy.  
Lè mwen gade sa  
Se yon mèvèy.



### M ap reflechi sou tèks la

1. Ki sa pipirit la ye ?
  2. Ki mouvman zwazo konn fè lè y ap vole ?
  3. Èske w renmen jwe ak zwazo ? Pou ki sa ?
-

---

## Leson 41. Epòk nwèl

---



### M ap li

dekorasyon

sapen

pidetwal

boul

gilann

bòzò

---



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Atifisyèl** : sa moun fè, ki pa natirèl.

**Talatàn** : twal yo mete anba yon wòb pou ba li fòm.

---

---

## Ti sapen an

Epòk nwèl rive, machann sapen kòmanse gaye anba lavil Pòtoprens. Tout kalite dekorasyon etale nan bak machann yo. Gen sapen natirèl, gen sapen atifisyèl. Pami tout sapen yo, gen youn ki te atire atansyon tout moun. Se te youn nan sapen natirèl yo. Li te chèlbè ak branch vèt li yo byen layite tankou yon bèl wòb talatàn vèt !

**etale :**  
Ranje, enstale,  
tann.

Chak jou, kèlkeswa moman nan jounen an anpil moun debake anba lavil la. Sa ki al gade jwèt, sa ki al achte atik pou kay, sa ki al viv anbyans la. Antouka se moman lavil la plen tankou yon ze. Se konsa Jonas, vin ap pase ak manman l devan magazen sapen yo. Li wè ti sapen bòzò a, li lonje dwèt li sou li epi li di :

**atik :**  
Tout sa moun  
bezwen pou  
sèvi nan kay.

« Manman, tanpri, achte sapen sa a pou fèt Nwèl la. »

Manman an reponn :

« Gad jan l bèl ! L ap vin pi bèl ankò lè n fin dekore l ak boul, zetwal, gilann...»

Lè sapen an tande pawòl sa, li te kontan. Li gen chans ! Li pral pote kè kontan nan yon kay !



### M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Nan ki mwa machann yo vann sapen ?
  2. Ki sapen ki chèlbè ak wòb vèt la ?
  3. Ki sa moun yo konn al fè lavil ?
  4. Pou ki sa yo di lavil la plen tankou ze ?
-

---

## Leson 42. Epòk nwèl

---



Mwen se yon pyebwa.

Mwen pa menm jan ak tout pyebwa.

Yo mete m nan kay chak mwa desanm.

Yo dekore m ak gilann epi boul dore.

Yo mete zetwal sou tèt mwen.

Tout kòm se limyè

k ap limen tenyen lannuit kou lajounen.

Kilès mwen ye ?



---

### M ap li

nwèl

siye

netwayaj

pentire

katye

limyè

---



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Abdenwèl** : sapan ki dekore ak limyè nan epòk nwèl.

**Epòk** : peryòd, moman.

---



---

## Dekorasyon sapen an

Nwèl ale, nwèl tounen ! Depi epòk sa a rive granmoun kou timoun kontan. Pidetwal ak peta tonbe chante nan tout katye. Tout timoun ap fè lago. Se nwèl ! Se lajwa !

### sapen :

Pyebwa ki sanble ak pye bwapen ki sèvi pou dekorasyon nan epòk nwèl.

Jonas ak manman l ap reflechi sou fason yo pral dekore ti pye **sapen** yo achte a. Jonas eksite, li bezwen wè sapen an dekore pou l tounen yon vrè abdenwèl. Jonas envite Gari yon zanmi l vin ede l. Toulède mesye yo kòmanse fè netwayaj. Yo pentire, yo siye. Kay la vin bèl. Manman Jonas, li menm, achte tout



### fanal :

Ti lanp ki sèvi pou dekorasyon lè epòk nwèl.

sa li gen bezwen pou dekorasyon an. Aprè sa, li tanmen pase gilann nan tout kò sapen an. Boul yo ap pann tankou zanno nan tout branch yo. Yo tout koulè ! Rete zetwal la pou yo mete nan tèt sapen an.

Malerezman manman Jonas te bliye achte. Se konsa Gari vire, li al nan sak li. Li pran yon kado li te pote pou Jonas. Wololoy ! Se yon **fanal** an fòm zetwal ! Manman Jonas rete bouch louvri tèlman li kontan ! Sapen an tankou yon rèn byen klere ak limyè tout koulè sou yon cha kanaval !



## M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ki jan yo rele pèsonaj nan tèks la ?
  2. Ki sa Jonas ak zanmi l la te fè ?
  3. Ki kote yo te mete sapen an ?
  4. Ki dekorasyon yo te mete nan sapen an ?
-

---

## Leson 43. Epòk nwèl

---



### M ap li

mache

pwovizyon

pwa

bouyi

vyann

reveyon

---



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la

**Pidetwal** : jwèt timoun lè ou limen l li fè gwo flanm ki chaje ak ti etwal.

**Reveyon** : fèt ki kòmanse a minui chak vennkat oswa tranteyen desanm.

---

---

## Vennkat desanm

Grasèt, 26 Desanm 2012

Jonas, zanmi mwen

**peta :**

Jwèt ki ka eksploze, timoun sèvi pou jwe lè desanm.

Mwen pa ka pa ekri w pou rakonte ou jan mwen te pase yon bon vennkat desanm. Pitit ! Katye a te byen dekore. Abdenwèl t ap limen tenyen sou tout pyebwa ak devan kay. Koulè marye kou lakansyèl ki fèk parèt. Mwen menm ak zanmi m yo te tire pidetwal. Nou te jwe tanmbola. **Peta** menm t ap klewonnen nan bouk la san rete.

**tanmbola :**

Jwèt yon fè chak desanm, lè ou genyen yo ba w kado.

Manman mwen te leve byen bonè pou ale nan mache. Li t al fè pwovizyon pou reveyon an. Mwen t ap kouri dèyè de kòk nan lakou a. Bèt yo malen ! Lè mwen wè sa, mwen oblije tann pyèj pou mwen kenbe yo. Lapoula mwen te trape yo. Mwen te kontan anpil ! Minui rive, klòch ap sonnen, moun ap chante, moun ap danse, moun ap bay blag. Reveyon pare. Bèl fèt ! Manman mwen te mete yon kado pou mwen anba abdenwèl la. Se pa ti kontan mwen kontan non ! Jou 24 desanm sa a p ap janm soti nan memwa mwen.

Mwen espere ou te pase yon bon vennkat desann. M ap tann lèt ou pou rakonte m jan ou te pase vennkat desann pa w la.

Zanmi w Gari



### M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ki kote lèt la soti ?
  2. Kilès Gari ekri ?
  3. Pou ki sa Jonas ekri Gari ?
  4. Ki sa timoun yo te fè pou vennkat desanm lan ?
  5. Ki sa w pi renmen fè pandan epòk sa ? Pou ki sa ?
-

---

## Leson 44. Epòk nwèl

---



Mwen se yon fwi.  
Po mwen vèt.  
Lè ou fann mwen, anndan mwen jòn.  
Mwen donnen atè.  
Yo manje m bouyi.  
Premye janvyè, yo fè soup avè m.  
Anpil moun renmen bwè soup mwen.  
Ki sa mwen ye ?



### M ap li

pitit

papa

manman

paran

pwoteje

laswenyay

---



### M ap aprann sans mo ki nan tèks la nan tèks la

**Tradisyon** : abitud ki pa janm chanje.

**Zetrenn** : kado timoun resevwa nan men granmoun yo chak premye janvyè.

---

---

## Tranteyen desanm

Nan peyi d Ayiti, menm jan ak nan anpil lòt peyi sou latè, mwa desanm se yon mwa fèt. Se yon epòk espesyal ! Epòk sa a senbolize lajwa, lagete, tolerans, lanmou ak pataj.

### **lavèy :**

Jou ki vini avan jodi a.

### **lakoloni :**

Tè ki sou dominasyon yon lòt peyi.

Tranteyen desanm, se **lavèy** premye janvye, jou anivèsè endepandans peyi nou. Nou dwe konnen soup joumou se manje ki senbolize libète pou pèp ayisyen. Nan tan **lakoloni**, esklav yo pa t gen dwa bwè soup joumou. Se poutèt sa, nan jou endepandans la, zansèt nou yo te deside pou tout moun bwè soup joumou. Soup joumou se soup libète !

Tranteyen desanm se yon gwo jou tou pou lòt pèp. Yon moman kote yon lane prale yon lòt ap vini. Tout moun ap tann sa lòt ane a pral pote. Tout moun tout kote kwè se yon moman chanjman. Se anbyans toupatou. Komès yo byen dekore. Gen anpil moun nan magazen ak nan lari. Timoun yo kontan, y ap monte bekàn, y ap fè lago kache... Men y ap siveye lè pou yo al chèche zetrenn nan men granmoun yo. Se yon tradisyon. Tranteyen desanm se yon dat moun toujou ap tann.



## M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Vre oswa Pa Vre :

- Fèt nwèl fete sèlman an Ayiti.
- Nan mwa desanm gen anpil kè kontan.
- Magazen fè bon lavant nan epòk nwèl.

2. Ki sa yo fete chak premye janvye an n Ayiti ?

---

---

## Leson 45. Epòk nwèl

---



Mwen se yon jwèt.

Yo jwe avè m sèlman an desanm.

Timoun renmen jwe avè m.

Mwen gen yon pwent an fè.

Lè yo brile m ak dife, mwen fè

Yon gwo flanm ki chaje ak ti etwal.

Ki sa mwen ye ?



**M ap li**

ane

janvye

fèt

kontan

poze

sante

---



**M ap aprann sans mo ki nan tèks la**

**Poze** : kal, ki pa pè.

**Swete** : di yon moun sa ou ta renmen pouy li.

---

---

## Bòn ane

Bòn Ane papa !

Bòn Ane Manman !

Jodi a, se fèt Premye Janvye

Mwen vin devan ou.

Mwen swete nou

ak tout kè mwen :

Yon bòn sante.

Yon kè kontan,

Yon kè poze.

Bòn Ane papa !

Bòn Ane Manman !

—Komite Edikasyon Karitas (ENCH)



### M ap reflechi sou tèks la

1. Nan ki mwa yo swete moun bòn ane ?
  2. Di tout swè yo konn fè lè premye janvye ?
  3. Ki kalite manje yo kuit lè premye janvye ?
-

### Istwa yon chapo

Li fè midi, solèy la klere kou zeklè nan komin Kanperen. Delita gen randevou, li oblije soti. Plizyè lide pase nan lespri li. Chapo l byen chèlbè sou tèt li. Li pran wout la kanmenm. L ap desann. Delita kenbe chapo a tanzantan. Se epòk mwa jiyè, van an vante souvan.

Se konsa yon gwo kout van leve, li rache chapo a nan tèt Delita. Li kouri dèyè chapo a. Apèn li pral pran l van an pouse l pi lwen. Delita move. Lè a ap mache sou li. Li fin rive tou pre chapo a, li bese. Men l touche ak chapo a. O o ! Van pouse l pi plis ankò. Chapo a al bout byen lwen.

Sandra, yon ti fi dizan, tèt li chaje ak madyòk nan pwent tikouri li yo, vin ap pase ak sachè l nan men l. Li wè sèn nan. Li di :

« Bonjou matant ! Ou pa bezwen fè kòlè m ap pran chapo a pou ou. »

Delita reponn :

« O mèsèsi piti mwen. Van sa a frekan anpil. Ou konnen kò a pa twò bon. »

Se konsa Sandra tonbe kouri dèyè chapo a. Li fè kont lago kach kach avè l. Finalman, Sandra mete men sou chapo a. Li pote l bay Delita. Delita remèsye l anpil pou bonte l. Sandra, li menm, retounen ak kè l kontan paske li sot fè yon bon aksyon.



## Dlo ki bon pou bwè

Kò nou bezwen dlo pou l viv. Men dlo ou ap bwè a, fò li klè, fò li pwòp. Se pa toutan yon dlo pwòp menm si li klè. Anpil fwa li genyen mikwòb ki bay maladi.

Èske ou konnen sa yo rele mikwòb ?

Mikwòb se yon bann ti bèt k ap viv toupatou. Yo tèlman piti, ou pa fouti wè yo ak je ou sèlman, san yon gwo linèt espesyal ki rele mikwoskòp. Mikwòb sa yo ka bay anpil maladi. Genyen de fwa, dlo a genyen lòt move bagay ankò ki ba nou maladi. Nan move dlo konn genyen vè solitè. Lè nou bwè dlo sa a, ze yo antre nan lestomak nou. Ze yo kale, yo fè vè solitè. Vè yo viv, yo grandi nan trip nou. Vè sa yo ba nou maladi tou.

W ap mande : « Ki sa pou ou fè pou bwè dlo ki bon ? »

Enbyen se pou ou bwè dlo trete ak dlo bouyi. Lè ou bouyi dlo a tout mikwòb mouri, tout ze vè disparèt. Si ou bwè dlo bouyi, ou bwè bon dlo.

## Yon bon jès

Vwala yon pèsonaj, Pè Rafayèl, k ap viv sou wout ki mennnen nan plaj Jele, nan vil Okay. Li pa janm mache san baton. Chak aprèmidi, kou solèy la bese, li pran baton l. Li l al fè pwomnad li.

Lè sezon mango rive, pye mango chaje, nan zòn kay Pè Raphael ak. kolonn mango yo fleri pye mango yo. Pè Rafayèl kanpe pou admire bèl koule mango ki byen mi yo. Li pran san l tou pou l respire boukè pafen mango batis, miska, kòn, fransik..., ki melanje sou tout wout lan. Se konsa, yon apremidi, Gabi vin ap pase pandan Pè Rafayèl ap fè pwomnad li, li tonbe pale ak pè Rafayèl. Nan mitan konvèsasyon an li di :

« Mango yo mi, yo bèl, Pè Rafayèl ? »

Pè Rafayèl souke tèt li, li reponn :

« Wi, se sa m ap gade la. »

Gabi kontinye pou li di :

« Ou pa ta renmen manje de twa ladan yo ? »

O wi ! Avèk anpil plezi ! Men m pa ka monte pou keyi yo. M reziyen m.

Gabi di li :

« Mwen abitye monte. Kite m eseye. »

Pè Rafayèl ezite... Tan pou l di non, Gabi fofile monte pyebwa a. Li keyi sis bèl mango epi li glise desann. Pandan l ap chèche kote pou l kore pye l, yon branch bwa kase. Li pèdi kontwòl jis l al kenbe yon branch solid. Li pran elan epi l sote.

Rive anba li lonje mango yo bay Pè Rafayèlki di l :

« Pitit mwen, kè m sot manke rete la ! Rann sèvis konn bay chagren. Mwen remesye anpil pou jantiyès ou. »

Pè Rafayèl pran mango yo, li remèsye Gabi yon fwa ankò epi l pran direksyon lakay li. A ! li pral savoure bon mango jòn.

## Marie Curie

Se te yon ti pitit yo te rele « Marie ». Li t ap viv nan yon peyi yo rele Polòy avèk manman li, papa li, epi yon gran sè li. Li te si tèlman renmen wè lè papa li, manman li ak sè li t'ap pran plezi nan lekti, li te vle ak tout fòs pou yo aprann li li.

Li te gen katran sèlman lè sa a. Manman li ak papa li di non, li two piti. Men chak jou, li te konn mande sè li a montre li yon mo oubyen de, epi konsa li te rive rekonèt desen plizyè mo.

Yon jou, antan gran sè a t ap li yon istwa pou tout moun, li kole, li pa sa kontinye. « Marie » pran liv la nan men li, li kontinye li nèt ale. Tout moun sezi, menm « Marie » li menm te sezi wè li konn li ! Men sa pa t ase pou « Marie ». Li te vle konnen plis bagay toujou.

« Marie » plonje nan tout liv ap etidye tout jounen. Li te vle vini yon gran save. Men, lavi a pa fasil pou « Marie ». Afè papa a vin pa bon, pa gen ase lajan nan kay la pou de ti jèn fi yo kontinye lekòl. « Marie » al travay kay yon madanm pou li te ka ede gransè a peye lekòl, achte liv pou li aprann doktè.

Se lè papa li vin jwenn yon lòt travay « Marie » vin rekòmanse al lekòl. Konsa, « Marie » vin fò anpil. Li al etidye jis nan peyi Lafrans pou li te kapab tounen yon gran save. La, li vin jwenn ak yon lòt gran save ki rele « Pierre Curie ». Yo marye. Yo travay ansanm. Se « Marie » ki vin jwenn « Radium », yon metal pesonn pa te ko konnen. Se metal sa a ki vin pèmèt moun fè aparèy foto ak aparèy radyografi. Li sèvi tou nan gerizon anpil maladi. Nan tout peyi, moun toujou ap site non « Marie Curie ».

**Lisi ekri zanmi li Nadin**

Fòlibète, 31 desanm 2014

Lisi,

Mwen konnen ou ap kontan li lèt sa a, paske sa fè lontan youn pa ekri lèt. M ap tann vakans rive pou nou rankontre.

Lisi machè, mwen byen. Lekòl la menm m ap degaje m ladan. Ou sonje mwen te di ou mwen poko konprann fransè a ? Kounye a, mwen pa gen pwoblèm ankò. Ou dwe mande ki jan mwen fè ? Enben, gen yon elèv lekòl la ki rete nan katye mwen an. Chak leson matmwazèl la fè, nou jwe li lakay. Konsa, nou konnen yo pi byen.

Mwen renmen lekòl anpil. Men m ap tann vakans rive pou ou ka vini, pou nou pale, pou nou jwe. Mwen aprann yon bann lèt jwèt : kay, marèl, oslè. Mwen gen yon bèl boul tou avèk kèk liv istwa. N ap jwi vakans nou nèt !

Annatandan, ekri mwen, voye di m ki jan ou ye. Di tout lèt zanmi ou yo bonjou.

Zanmi ou, Nadin





Liv sa a fèt epi li pibliye an kolaborasyon avèk Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) Gouvènman Ayisyen an, gras a yon èd ki soti nan ajans amerikèn U.S. Agency for International Development (USAID), nan kad Aktivite Rechèch Aplike Tout Timoun Ap Li - ToTAL, dapre kontra No. EHC-E-00-0004-00 pwogram èd USAID ki rele EdData II Technical and Managerial Assistance.

Novanm 2014